# Si ICE vini lakay ou









## 1 PA LOUVRI PÒT LA

Fèmen tout pòt yo ak kle.

## 2 KÒMANSE FILME AK TELEFÒN OU OSWA YON LÒT APARÈY

Mande yo avèk jantiyès pou yo ale. Si yo pa vle ale, suiv pwochen etap sa yo nou pral site yo.

## 3 MANDE POU W WÈ YON PYÈS IDANTITE AK YON MANDA JIDISYÈ

Mande ajan an pou l glise manda ak yon pyès idantite l anba pòt la oswa pou l montre yo devan yon fenèt.
Pran yon foto manda a ak pyès idantite a.

## 4 ASIRE W SI MANDA AN A SE YON MANDA JIDISYÈ KÒRÈK PA YON FO

***Yon manda jidisyè VALAB dwe genyen TWA (3) eleman sa yo:***

1. **Li soti vrèman nan yon TRIBINAL.**
2. **Li genyen non w ak adrès ekzakt ou ki kòrèk.**
3. **Li siyen pa yon JIJ.**

Si Ajan an montre w nenpòt ***lòt*** kalite manda oswa si li ***pa*** genyen manda ditou, yo ***pa gendwa antre*** anndan lakay ou.


AO 93 (Rev. 12/09) Search and S...

UNITED STATES DISTRICT COURT
for the
District of Maryland

...the Matter of the Search of (Briefly describe the property to be searched or identify the person by name and address) ) Case No. 13-1744 LSC
540 Oak Avenue
Davis, California 95616

SEARCH AND SEIZURE WARRANT

...horized law enforcement officer

An application by a federal law enforcement officer or an attorney for the government requests the search of the following person or property located in the Southern District of Maryland and elsewhere (identify the person or describe the property to be searched and give its location):

see Attachment A, incorporated herein.

The person or property to be searched, described above, is believed to conceal (identify the person or describe the property to be seized):

see Attachment B, incorporated herein.

I find that the affidavit(s), or any recorded testimony, establish probable cause to search and seize the person or property.

**YOU ARE COMMANDED** to execute this warrant on or before August 5 2013 (not to exceed 14 days)

☐ in the daytime 6:00 a.m. to 10 p.m. ☑ at any time in the day or night as I find reasonable cause has been established.

Unless delayed notice is authorized below, you must give a copy of the warrant and a receipt for the property ...person from whom, or from whose premises, the property was taken, or leave the copy and receipt at the ...property was taken.

...ting this warrant, or an officer present during the execution of the warrant, must prepare an inventory ...d promptly return this warrant and inventory to United States Magistrate Judge Duty Magistra...

☑ I find that immedia... ...e an adver... result listed in 18 U.S.C. § 2705 (except for delay of trial), and authorize the office... ...t to ... notice to the person who, or whose property, will be searched or seized (check the appropriate ...s (not to exceed 30). ...ifying, the later specific date of

Date and time issued: July 22, 2013 — Judge's signature

City and state: Greenbelt, Maryland — ... U.S. Magistrate Judge — Printed name and title

- **SI MANDA A PA KÒRÈK:**




- **SI MANDA KÒRÈK: OU DWE SOTI DEYÒ KAY LA AVÈK KALM, SAN FÈ BWI**

***GADE DÈYÈ DOKIMAN AN***

## NIMEWO IJANS SIZOKA:

**Avoka**

**Pou jwenn èd yon avoka,** Skane kòd QR sa a oswa ale sou lyen sa a e lap dirije w sou sit entènèt: **immigrationadvocates.org/nonprofit/legaldirectory/**

Non konplè____________________ Telefòn ________________

**Kontak pèsonèl ou** (li ka yon manb fanmi w oswa yon zanmi w, li tap pi bon si se ta yon sitwayen ameriken depreferans)

Non konplè____________________ Telefòn ________________

# Sizoka ICE ta fòse antre lakay ou san manda




- **SI YO FÒSE PÒT LA POU ANTRE LAKAY OU**
  Fè yo konnen ou pa bay konsantman w pou sa.
  Apre sa rete an silans. Pa reponn okenn kesyon.
  Pa montre okenn dokiman w e siyen okenn dokiman tou



**PA REPONN OKENN KESYON** | **PA MONTRE WAP FÈ REZISTANS** | **PA SIYEN OKENN DOKIMAN**

## Si yo ta arete w




- **MANDE SI W KA RELE AVOKA W OSWA YON KONTAK PÈSONÈL**
  Sonje, pa sezi pou w wè ICE pa pèmèt ou fè okenn apèl telefòn. Kidonk, asire w kontak pèsonèl ou an gen non ak nimewo telefòn avoka w deja



**PA REPONN OKENN KESYON** | **PA MONTRE WAP FÈ REZISTANS** | **PA SIYEN OKENN DOKIMAN**

## Oswa si w ta temwen yon moun yo arete

- **PA MELE** w nan operasyon ICE la.
- **ANREJISTRE YON VIDEYO NAN YON DISTANS SEKIRITE (PA TWO PRÈ)** kote operasyon an ap fèt la.
- **MANDE MOUN YO ARETE A KOWÒDONE L**
  Sonje, petèt li ka pa kapab sèvi ak telefòn li.
- **VOYE VIDEYO A ALE**
  bay avoka ak òganizasyon lokal ki soutni imigran yo nan zòn pa w la.
  **PA PIBLIYE NI PÒSTE ANYEN SOU REZO SOSYAL YO.**




**TELECHAJE APLIKASYON AN:** Aprann dwa w antanke moun imigre

KYR iOS

KYR Android

**immigrantdefenseproject.org**
Pou plis enfòmasyon, ale sou sit entènèt

NÒT : Se pou izaj jeneral sèlman dokiman sa a dwe itilize e aplike e LI PA YON GID JIRIDIK OFISYÈL. Imigran yo, fanmi yo ak manb nan kominote a dwe jwenn yon konseye jiridik si yo bezwen konsèy oswa chèche jwenn èd yon reprezantan nan chak sitiyasyon oubyen sikonstans patikilye sa yo.